

ABSTRAK

Nurul Zahra Hamidah (2022). **Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaréngsékeun Masalah Matematika jeung Disposisi Matematis Peserta didik liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me***

Kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika kacida pentingna, tapi dina kanyataanana kamampuh ieu masih jauh tina harepan. Kurangna kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika umumna disababkeun ku peserta didik anu teu biasa ngungkulan masalah kalawan léngkah-léngkah ngaréngsékeun masalah lantaran peserta didik geus biasa dibimbing jeung diarahkeun ku guru. Salain eta, rendahna kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika bisa disebabkeun ku disposisi matematis. Salah sahiji alternatif anu bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika jeung disposisi matematis nya éta liwat pangajaran berbasis masalah nu dibantu ku *wizer.me*. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta: 1) pikeun mikanyaho ngaronjatna kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika peserta didik ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me* dibandingkeun jeung peserta didik anu ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah ; 2) nangtukeun ayana disposisi matematis peserta didik ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me* dibandingkeun jeung peserta didik anu ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah; 3) pikeun mikanyaho ayana korélasi antara Kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika jeung disposisi matematis ngagunakeun Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me*. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta Quasi Eksperimen kalawan desain *Nonequivalent Control Group* . Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta kelas VIII SMP Negeri 63 Bandung, sampelna heunteu dipilih sacara acak ku kituna ngagunakeun kelas anu geus aya, kelas VIII A minangka kelas ékspérimén jeung kelas VIII B minangka kelas kontrol. Instrumen anu digunakeun dian ieu panalungtikan nyaéta lembar tés kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika jeung angket disposisi matematis. Hasil analisis tina data akhir nyaéta: 1) ngaronjatna kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika peserta didik ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me* lewih luhur batan peserta didik anu ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah; 2) disposisi matematis peserta didik ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me* lewih alus batan peserta didik anu ngagunakeun liwat Modél Pangajaran Berbasis Masalah; 3) aya korélasi antara Kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika jeung disposisi matematis ngagunakeun Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me*.

Konci : kamampuh ngaréngsékeun masalah matematika, disposisi matematis, Modél Pangajaran Berbasis Masalah dibantu ku *Wizer.me*.